


Maladi Drepanositoz ak Konjesyon Serebral Sickle Cell Disease and Stroke (Haitian Creole)

Timoun ki gen maladi drépanocytaire (SCD) gen risk pou yo fè Konjesyon Serebral. Yon konjesyon serebral rive lè sikilasyon san an bloke swa poul antre swa poul soti nan sèvo a. Blokaj sa a ralanti oswa anéche oksijèn ale nan sèvo

a. Sa ka lakòz domaj nan sèvo a.

In SCD, the blood vessels in the brain can be damaged by sickling causing blood vessels to scar and narrow (Foto 1). Nan SCD, vesò sangen sèvo a ka domaje pa drepanositoz, sa ki lakòz vesò sangen yo vin sikatrise epi etwat. Sa ka afekte irigasyon san nan sèvo a epi lakòz yon konjesyon serebral.



Siy ak Sentòm

Foto 1 Selil falsiforme yo bloke sikilasyon san nan sèvo a.

Rele 911 pou èd ijans si ptit ou a gen nenpòt nan sentòm sa yo:

- Kriz - aa ka nan tout kò a oswa jis yon pati nan kò a
- Li difisil pou respire
- Figi l tonbe
- Chanjman nan vizyonl
- Li gen dòmi ekstrèm nan jel
- Maltèt, avèk oubyen san vomi (vomisman)
- Difikilte pou mache
- Li difisil poul pale oswa konprann sa lòt moun ap dil
- Feblès oswa li pa ka bouje yon bò nan kò a
- Yo pa ka reveyel

Gen kèk timoun ki gen SCD ka fè konjesyon serebral silansye. Sa vle di pa gen okenn siy ak sentòm yon konjesyon serebral nòmal anvan oswa pandan lap rive. Olye de sa, konjesyon serebral silansye ka lakòz chanjman nan konpòtman ak pwoblèm memwa oswa aprantisaj. Tanpri pale ak ekip drepanositoz ou an si w gen enkyetid konsènan chanjman konpòtman toudenkou oswa difikilte nan lekòl la.

Faktè Risk

- Si ptit ou a gen emoglobin SS oswa drepanositoz talasemi beta zewo, yo gen plis risk pou yo fè yon konjesyon serebral. Risk la se apeprè 10%. Risk konjesyon serebral silansye se apeprè 30%.
- Gen yon gwo risk ptit ou a pral fè yon lòt konjesyon serebral si li te deja gen youn. Risk pou yon dezyèm konjesyon serebral rive se 60 a 80%.

Prevansyon

- Yon ultrason Doppler transkranyal (TCD) se yon tès ki mezire risk pou yon konjesyon serebral. Yon TCD mezire vitès san an sikile nan sèvo a. Tès la pa fè mal (Foto 2).
- Si TCD a montre ptit ou a gen risk pou yon konjesyon serebral, yo ka bezwen fè TCD yo pi souvan. Yo ka diskite avèk ou sou lòt opsyon tretman pou anpeche konjesyon serebral, tankou transfizyon san ak hydroxyurea.



Foto 2 TCD an sèvi ak yon ti ralonj ki rele yon sond, ke yo mete nan pati deyò tèt ptit ou a.

Tretman

Y ap bay ptit ou a yon transfizyon san si lap fè yon konjesyon serebral.

- Transfizyon san an dilye selil falsifòm yo epi li ede san an koule pi byen nan zòn ki afekte nan sèvo a. Sa fèt pou ede anpeche plis domaj nan sèvo a.
- Pou egzamine sèvo ptit ou a yap sèvi avèk yon tès espesyal radyografi, tankou tomografi òdinatè (CT) oswa imaj rezonans mayetik (MRI).
- Si yon timoun ki gen maladi drepanositoz te fè yon konjesyon serebral, yo gen plis chans pou yo fè yon lòt sof si yo pran mezi pou anpeche li. Ekip drepanositoz ou a pral diskite sou tretman prevantif avèk ou.

Kilè pouw rele doktè a

Si pitit ou a vin malad, rele enfimyè espesyalis drepanositoz yo nan (614) 722-8914 nan lendi jiska vandredi soti 8 a.m. rive 4:30 p.m.

- Si yo pa disponib, tanpri rele Klinik Sickle Cell la nan (614) 722-3250.
- Nan aswè, wiken ak jou ferye, rele nan (614) 722-2000 epi mande pou ematolog ki degad la.